



**Haitian Creole Edition**  
**Grade 7 Mathematics Test, Book 1**  
**March 12–16, 2007**

**Pwogram Egzamen Leta Nouyòk**  
**Egzamen Matematik**  
**Liv 1**

Ane

**7**

**12–16 mas 2007**



Developed and published by CTB/McGraw-Hill LLC, a subsidiary of The McGraw-Hill Companies, Inc., 20 Ryan Ranch Road, Monterey, California 93940-5703. Copyright © 2007 by New York State Education Department. All rights reserved. No part of this publication may be reproduced or distributed in any form or by any means, or stored in a database or retrieval system, without the prior written permission of New York State Education Department.

## TRIK POU FÈ EGZAMEN AN

Men kèk sijesyon pou ede ou bay pi bon rannman:

- Asire ou li avèk atansyon tout enstwiksyon ki nan tiliv egzamen an.
- Ou ka sèvi avèk enstriman pou ede ou rezoud nenpòt pwoblèm ki nan egzamen an.
- Li chak kesyon avèk atansyon epi reflechi sou chak repons anvan ou chwazi repons ou.



Pòtre sa a vle di ou pral sèvi avèk règ ou.



Pòtre sa a vle di ou pral sèvi avèk rapòtè ou.



## Egzanp A

Senplifye ekspresyon ki anba a.

$$5^2 - 2^3$$

- A 2
- B 4
- C 17
- D 19

## Egzanp B

Konbyen tas ki gen nan 5 ka?

1 ka = 2 pent
1 pent = 2 tas

- A 10
- B 20
- C 30
- D 40

**RETE LA**



**1**


Tablo anba a montre nivo klas 100 elèv ki pran kou jimnastik pou dènye ete a.

### KLAS JIMNASTIK


Klas	Kantite Elèv
5	18
6	24
7	37
8	21

Ki graf ba ki prezante enfòmasyon yo kòrèkteman?


### ELÈV JIMNASTIK




### ELÈV JIMNASTIK



### ELÈV JIMNASTIK



### ELÈV JIMNASTIK




***Kontinye***


2

Tout figi anba yo genyen omwen yon fas rektangilè **eksepte** pou ki figi?


A




B



C



D



3

Mesye Snyder sèvi ak yon krich 4 lit pou wouze plant li yo. Ki kantite mililit dlo Mesye Snyder bezwen pou li plen krich la?

$1 \text{ lit} = 1.000 \text{ mililit}$
---




- A 40
- B 400
- C 4.000
- D 40.000





4

Piktogram ki anba a montre kantite elèv ki te patisipe nan fwa syantifik nan Franklin Middle School.

**FWA SYANS FRANKLIN MIDDLE SCHOOL**

Klas	Kantite elèv
6	
7	
8	

LEJANN
 = 4 elèv
 = 2 elèv

Konbyen elèv **7yèm ane** ki te patisipe nan fwa syantifik la?

- A 22
- B 24
- C 26
- D 28

5

Konbyen fas ki genyen nan prism rektangilè ki anba a?



- A 1
- B 2
- C 4
- D 6

***Kontinye***

6


Martin ap travay nan Shea Stadium. Nan yon jounen ki cho, li vann 200 pent boutèy dlo. Konbyen galon dlo li vann?

$1 \text{ galon} = 8 \text{ pent}$
------------------------------------

- A 25
- B 50
- C 100
- D 400

7

Triyang RST prezante sou griy kowòdone ki anba a.



Ki kowòdone pwen Tyo ?

- A (-3, -4)
- B (-3, 4)
- C (-4, -3)
- D (-4, 3)

**8**

Tanperati yon nwit livè nan Kansas se  $-6^\circ$  Sèlsiyis. Tanperati a desann a  $8^\circ$  Sèlsiyis. Ki nouvo tanperati a, an degre Sèlsiyis?

- A  $-2^\circ\text{C}$
- B  $2^\circ\text{C}$
- C  $-14^\circ\text{C}$
- D  $14^\circ\text{C}$

**9**

Ki kalite chif ki genyen sèlman nan ansanm ki anba a?

$(-1, 5, 6\frac{1}{2}, 15, 3,75, 36, \sqrt{81}, 100)$

- A nonb fraksyonè
- B nonb rasyonèl
- C nonb antye
- D chif konte

***Kontinye***

**10**

Pam vle achte yon valiz. Fòmilè kòmman li itilize a prezante endike anba a.

### FÒMILÈ KÒMANN VALIZ

Koulè ki disponib (chwazi youn): \_\_Fov \_\_Ble \_\_Vèt \_\_Nwa \_\_Wouj

Gwosè ki disponib: \_\_Piti \_\_Mwayen \_\_Laj

Materyèl: \_\_Kui \_\_Nayilòn

Konbyen konbinezon koulè, gwosè ak materyèl diferan ki posib pou valiz Pam?

- A 10
- B 15
- C 24
- D 30

**11**

Mwa sa a, Drew te travay sis èdtan mwens pase de fwa kantite èdtan,  $h$ , li te travay pou mwa pase. Ki ekspresyon ki reprezante kantite èdtan Drew te travay pou mwa sa a?

- A  $2 - 6h$
- B  $2h - 6$
- C  $6 - 2h$
- D  $6h - 2$

**12**

Ki nonb ki se yon nonb irasyonèl?

- A  $\sqrt{2}$
- B  $-\frac{4}{3}$
- C  $1,\bar{8}$
- D  $-\sqrt{9}$

**13**

Salè anplwaye k ap travay nan restoran Kevin pa ane endike nan lis ki anba a.

\$21.750,00	\$33.500,00	\$18.900,00	\$22.965,00
\$30.080,00	\$47.250,00	\$37.750,00	\$46.500,00

Ki etandi pou salè sa yo?

- A \$24.750,00
- B \$25.500,00
- C \$27.600,00
- D \$28.350,00

**14**

Stacy ouvri yon kanè bank avèk \$15. Chak mwa li depoze \$10 sou kanè li. Kounye an Stacy sere \$75. Ki ekwasyon ki ka sèvi pou jwenn pandan konbyen mwa,  $m$ , Stacy depoze lajan nan kanè bank li?

- A  $10m \cdot 15 = 75$
- B  $15m \cdot 10 = 75$
- C  $10m + 15 = 75$
- D  $15m + 10 = 75$

**15**

Ki pi gran faktè komen 42, 63, ak 105?

- A 3
- B 7
- C 14
- D 21

***Kontinye***

**16**

Tanperati solèy la nan nwayo li se apeprè 27 milyon degre Farenay. Kouman 27 milyon ekri an notasyon syantifik?

- A  $2,7 \times 10^6$
- B  $2,7 \times 10^7$
- C  $27 \times 10^6$
- D  $27 \times 10^7$

**17**

Yon jounalis pou yon magazin jenn ap fè sondaj sou jenn timoun k ap sòti nan magazen rad Hot Shots pou detèmine ki mak rad jenn timoun yo pi renmen. Ki fraz ki pi byen eksplike rezon ki fè rezilta sondaj sa a ka pa valid?

- A Sondaj la ta dwe fèt sou Entènèt.
- B Gwoup ki fè sondaj la gen jenn timoun sèlman.
- C Se yon jounalis yon sèl magazin ki te fè sondaj la.
- D Gwoup ki te fè sondaj la gen ladan jenn timoun sèlman ki te vin achte nan menm magazen an.

**18**

Connor ap chèche kat kalite modil memwa pou òdinatè li. Enfòmasyon yo prezante nan tablo ki anba a.

Modil	Kantite Memwa (an oktè)
W	$3,64 \times 10^8$
X	$1,28 \times 10^9$
Y	$2,56 \times 10^9$
Z	$5,12 \times 10^8$

Connor vle achte modil ki gen plis memwa a. Ki modil li ta dwe achte?

- A Modil W
- B Modil X
- C Modil Y
- D Modil Z

**19**

Ekspresyon ki anba a reprezante pri total an dola, avèk frè transpò, pou yon sèten kantite CD mizik,  $m$ .

$$8m + 5$$

Selon ekspresyon ki anwo a, ki pri total pou 4 CD mizik?

- A \$13
- B \$17
- C \$32
- D \$37

***Kontinye***

**20** Ki pi piti miltip komen 9, 18 ak 21?

- A 3
- B 81
- C 126
- D 3.402


**21** Rachel gen 5 braslè ajan ak 2 braslè lò nan bwat bijou li. Rachel pran yon braslè owaza. Ki fraz ki **pi byen** dekri braslè li plis ka pran ?

- A L ap pran yon braslè lò pwobableman.
- B L ap pran yon braslè lò sètènman.
- C L ap pran yon braslè ajan pwobableman.
- D L ap pran yon braslè ajan sètènman.



**22**

Graf sèk ki anba a montre kantite elèv ki jwe enstriman nan òkès lekòl la.



Ki pousantaj nan total elèv ki jwe vyolon nan òkès lekòl la?

- A 15%
- B 25%
- C 33%
- D 75%

**23**

Ki premye faktorisasyon 144 ki ekri sou fòm eksponansyèl?

- A  $2^24^2$
- B  $2^33^2$
- C  $2^34^2$
- D  $2^43^2$

***Kontinye***

Tablo anba a montre pwen 125 elèv nan bowling.

### NÒT PWEN BOWLING

Nòt Pwen	Kantite Elèv
Pi piti ke 100	28
100–125	52
126–150	30
151 ak plis	15

Ki pwobabilite eksperimental pwochen elèv ki lanse a ap gen pwen ki se 126 oswa plis?

- A  $\frac{15}{125}$
- B  $\frac{30}{125}$
- C  $\frac{45}{125}$
- D  $\frac{80}{125}$

Ant ki de nonb antye gen  $+\sqrt{125}$  ?

- A 63 ak 64
- B 62 ak 63
- C 12 ak 13
- D 11 ak 12

**26**

Yon pwofesè boza melanje 20 ons penti jòn avèk 8 ons penti wouj. Konbyen ons penti jòn li ka bezwen pou melanje avèk 18 ons penti wouj pou li konsève menm pwopòsyon an?

- A 3
- B 10
- C 40
- D 45


**27**

Nan yon kontès jwèt baskètbòl, Chad te prevwa li ka fè 85 pousan kou li yo. Li te fè 18 kou sou 20. Kouman previzyon Chad la konpare avèk rezilta li te fè yo?

- A Previzyon li a te menm avèk rezilta li fè yo.
- B Previzyon li te pi ba pase rezilta li fè yo.
- C Previzyon li te depase rezilta li fè yo.
- D Previzyon li pa ka konpare avèk rezilta li fè yo.

***Kontinye***

Jordan koud yon bòdi dantèl ki mezire  $50\pi$  pous nan longè toutotou bòdi yon nap sikilè.



[pa trase selon echèl la]

$$\text{sikonferans} = 2\pi r$$

Ki longè reyon ki ant andedan bòdi a ak sant nap sikilè a?

- A 5 pous
- B 25 pous
- C 50 pous
- D 100 pous


**29**

Ki pi bon metòd ki ta itilize pou detèmine mas yon peni?

- A Peze peni an sou yon echèl awondi nan gram ki pi pre a.
- A Peze peni an sou yon echèl awondi nan kilogram ki pi pre a.
- C Mezire dyamèt peni an avèk yon règ, epi miltipliye li pa  $\pi$ .
- D Mezire reyon peni an avèk yon règ, mete rezilta a okare, epi miltipliye li pa  $\pi$ .

**30**

Teras Jamal la gen fòm yon poligòn epi li endike sou griy ki anba a.



Ki sipèfisi teras Jamal la?

- A 28 inite kare
- B 48 inite kare
- C 100 inite kare
- D 140 inite kare

**RETE LA**







**Ane 7**  
**Egzamen Matematik**  
**Liv 1**  
**12–16 mas 2007**

**Grade 7**  
**Mathematics Test**  
**Book 1**  
**March 12–16, 2007**